



Si ou kwè ou te sibi diskriminasyon akòz kote ou fèt, kidonk “National Origin Discrimination”, oswa ou ta vle plis enfòmasyon, telefone oswa ekri a:

Ou kapab tou pale ak sipèvizè moun ou panse ki fè diskriminasyon kont ou an. Oswa ou kapab pale a yon gwoup nan kominote-an ki travay sou keksyon sivil.

Ansanm, nou kapab ede moun jwenn avantaj ak sèvis yo bezwen nan fason yo kapab konprann.

Patwonnaj Depatman Agrikilti, Depatman Lasante ak Sèvis Sosyal, ak Depatman jistis Etazini.

APRANN KI DWA OU GANVEN

“Federal Interagency Working Group on Limited English Proficiency” Travay gwoup ajans gouvènman federal sou keksyon konnesans limite nan lang angle.

Èske ou gan ti pwoblèm ak angle-an? Ou pa kapab pale, li, ekri oswa konprann li bien? Alò, ou se say o rele yon moun ki angle li limite, kidonk yon “Limited English Proficient (LEP)”.

Tout biwo gouvènman federal oswa lòt òganizasyon ki resevwa lajan gouvènman federal, va oblije pran dispozisyon pou yo ede moun ki gan pwoblèm ak angle-an.

Lè yon biwo gouvènman oswa yon lòt òganizasyon pa ede ou si ou “LEP”, yo viole la lwa. Sa rele “diskriminasyon akòz kote ou fèt”, kidonk “National Origin Discrimination”.

Si ou sibi move tretman akòz ou se LEP, sa kapab se diskriminasyon akòz kote ou fèt, kidonk National Origin Discrimination.

Egzanp diskriminasyon ki posib:

1 Oumenm ak anpil moun kap viv nan zòn kote ou rete-an pale krèyòl ayiti. Pafwa yo ale lopital pou swen dijans. Moun yo nan lopital-lan pa konprann maladya yo ki LEP. Pifò nan maladya ayisyen yo pa konprann sa moun nan lopital-lan ap di yo konsènan tretman yo.

2 Ou telefone nimewo 911 pou ou denonse yon krimm ou wè kap fèt. Operatè-a pa konprann ou epi li pa kapab ede ou.

3 Lekòl pitit ou voye yon ti nòt oswa enfòmasyon ki trèz enpòtan ba ou an angle. Lekòl-lan konn trè byen se espayòl ase ou pale, men li refize tradwi enfòmasyon-an an espayòl ba ou; li di pitit lan dwe tradwi li pou ou.

4 Ou al fè yon aplikasyon pou bon a manje, kidonk "food stamps". Aplikasyon-an an angle ase. Ou pa fin konprann li. Anplwaye biwo "Food Stamp" yo di ou pou retounen ak entèpwèt pa ou.

Egzanp bon konpòtman:

1 Lopital-lan konn trè byen anpil moun kap viv nan zòn-lan pa konprann angle men yo pale krèyòl ayiti. Lopital-lan gan entèpwèt ki pare la e ki kapab ede ou lè ou ale nan tretman dijans.

2 Ou telefone nimewo 911 pou ou denonse yon krimm ou wè kap fèt. Operatè-a ta dwe konekte ou rapidman ak yon entèpwèt ki kapab ede ou.

3 Nan lekòl-lan, ganyen anpil paran ki pale espayòl. Lekòl-lan konnen se espayòl ase ou pale. Yo dwe voye enfòmasyon-an oswa ti nòt-lan an espayòl ba ou.

4 Biwo "Food Stamp"-lan dwe ganyen yon entèpwèt oswa kontakte yon entèpwèt pa telefòn pou ede ou. Lò fini, yo dwe ba ou yon aplikasyon nan lang ou.

Gen yon lwa gouvènman federal ki pwoteje tout dwa sivil- ou. Yo rele lwa-sa-a "Title 6" nan Lwa Dwa sivil 1964-la, kidonk "The Civil Rights Act of 1964".

